



Pou Piblikasyon Imedya: 25/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE FINANSMAN POU ELAJI SÈVIS TRETMAN MOBIL KONT TOKSIKOMANI PA MEDIKAMAN NAN VIL NEW YORK

*Founisè yo ka resevwa jiska 200,000 dola pou etabli inite medikaman mobil pou bay sèvis tretman kont toksikomani*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a disponiblite jiska 1 milyon dola pou founisè yo etabli inite medikaman mobil (Mobile Medication Units, MMU) pou bay medikaman pou trete pwoblèm toksikomani, ki enkli metadòn ak biprenòfin. Se yon chanjman nan règleman DEA ki rann devlopman MMU sa yo posib, sa k ap pèmèt inite sa yo dirije pa founisè Pwogram Trètman kont Opiyoid (Opioid Treatment Program, OTP) ki egziste deja yo. Y ap bay Eta New York finansman sa atravè sibvansyon federal pou Repons ak Opyoyid Eta a epi se Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) ki administre finansman an e yo te bay li atravè yo menm ak Fondasyon Rechèch pou Ijyèn Mantal.

"Piske adiksyon ak kriz ovèdòz yo kontinye chemen destriktif yo atravè peyi a, nou rete angaje pou nou ogmante resous yo ak ede Nouyòkè yo ak fanmi yo ki te afekte", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou te wè siksè nan inisyativ tretman mobil yo nan tan pase epi avèk nouvo finansman sa n ap elaji plis sèvis mobil nou pou atenn Nouyòkè ki gen bezwen yo ki pa kapab jwenn aksè ak sèvis enpòtan sa yo pandan n ap kontinye konstwi yon Eta New York ki pi sekirite ak pi an sante".

Objektif inisyativ sa a se pou bay jiska 200,000 dola pou yon founisè nan chak nan senk awondisman Vil New York yo, sepandan OASAS ka fè plis pase yon finansman pou chak awondisman tou depann de aplikasyon li resevwa. Inite mobil sa yo ap ofri sèvis ki enkli evalyasyon pou admisyon ak enskripsyon pou medikaman, administrasyon medikaman ak obsèvasyon, tès toksikoloji, ak lòt sèvis medikal.

Nou ka wè RFA ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak inisyativ sa a [isit la](#).

Inite mobil yo ka ede moun fè fas ak baryè pou trètman, ki enkli pwoksimitè jewografik ak etablisman OTP yo ak pwoblèm transpò, epi ogmante disponiblite medikaman pou pwoblèm nan itilizasyon opyoyid. Y ap ranplase sèvis mobil ki egziste ke founisè ki sètifye pa OASAS yo bay, ki enkli evalyasyon, konsèy, medikaman ki pa metadòn pou tretman itilizasyon opyoyid, telekonsiltasyon, ak sèvis transpò.

**Komisè OASAS, Chinazo Cunningham, te deklare,** "Yo te pwouve medikaman pou trete adiksyon, tankou metadòn ak biprenòfin, sove lavi ak amelyore anpil rezilta sante yo pami sila yo ke adiksyon afekte. Nouvo inite mobil sa yo pral pèmèt nou atenn moun ki nan bezwen yo ki ka fè fas ak difikilte pou ale nan yon pwogram fizik pou resevwa medikaman. Se yon sèvis enpòtan ki pral satisfè moun yo kote yo ye epi pral benefisyè anpil moun nan Vil New York".

**Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare,** "Kriz opyoyid la te dechire yon bann fanmi ak kominote epi te mennen nan plizyè santèn lanmò ak plizyè milyon adiksyon. Li lè pou nou finalman fè fas ak pandemi sa davans nan travay avèk tout nivo gouvènman yo pou bay Nouyòkè yo sipò yo bezwen ak merite. Mou felisite Gouvènè Hochul paske li agrandi resous pou founisè k ap reyalize travay misyon enpòtan sa ak sove lavi".

**Manm Konsèy Vil New York, Linda Lee, te deklare,** "Nou dwe abòde kriz adiksyon kontinyèl la epi mete anplas resous apwopriye pou sansibilizasyon pou ede Nouyòkè ki gen difikilte avèk toksikomani. Finansman Gouvènè Hochul bay pou ekspansyon inite medikaman mobil nan eta a pral bay pi gwo asistans pou fanmi yo atravè New York ki bezwen dezespereman sèvis sa yo".

Pandan plizyè ane ki pase yo, Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud epidepi dòz eksèsif la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Pou konbat epidemi sa a, eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen pwòch ki bezwen sipò, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline, 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY ([1-877-846-7369](tel:1-877-846-7369)) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Sèvis tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entènè yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn ke nou kapab jwenn lè nou itilize Tablobdò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize,

kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan [888-614-5400](tel:888-614-5400) oswa pa imèl nan [ombuds@oasas.ny.gov](mailto:ombuds@oasas.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)